

Stoughton Public Schools

31 RI PIERCE
STOUGHTON, MA 02072
www.stoughtonschools.org

Juliette Miller, M.Ed., C.A.G.S.
Sipèentandan Lekòl yo

781-344-4000 Ekstansyon 51232
j_miller@stoughtonschools.org

Dat: 1 Jiyè 2026

Pou: Tout anplwaye ak aplikan Lekòl Piblik Stoughton yo

De: Juliette Miller, M.Ed., C.A.G.S., Sipèentandan Lekòl yo

Re: Enfòmasyon sou anprent dijital

Lèt sa a se pou bay enfòmasyon konsènan egzijans Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè pou pran anprent dijital. Tout anplwaye yo oblije al fè anprent dijital yo epi yo dwe gen yon CORI ki ajou nan dosye yo.

Se avèk MorphoTrust USA ke leta Massachusèt gen on kontra pou fè anprent dijital yo. Ou ka mete yon randevou sou sit entènèt la lè ou vizite:

<http://www.identogo.com/FP/Massachusetts>

Chwazi Planifikasyon Sou Entènèt. Ou ka pran randevou tou pa telefòn nan (866) 349-8130. Ou ap bezwen bay **Kòd Òganizasyon DESE Lekòl Piblik Stoughton nan: 02850000**. Gen yon frè \$35.00 ki asosye avèk pwosesis sa a pou pozisyon ki pa pwofesè, ak \$55.00 pou tout pozisyon pwofesè ki gen lisans.

Fòk ou prezante yon fòm idantifikasyon nan randevou a. Tout dokiman yo dwe dokiman ki ka verifye epi yo pa dwe ekspire, yo dwe gen yon foto ki pou pèmèt idantifye moun nan, non ak dat de nesans li. Men list dokiman ki konsidere kòm akseptab.

- Lisans chofè ki soti nan nenpòt eta oswa teritwa ameriken
- Kat Idantifikasyon Leta ki valab nan nenpòt eta oswa teritwa Etazini
- Paspò ameriken oswa kat paspò ameriken

Yon fwa yo fin pran anprent dijital dwèt yo, moun nan ap resevwa yon resi pou yo pote lekòl la. Resi a pap sèvi kòm otorizasyon pou kòmanse travay. Okenn anplwaye pa ka kòmanse travay tou otan Sipèentandan an pa resevwa rapò anprent dijital yo dirèkteman de Identogo.

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte biwo lekòl ou a.

Mèsi.